

**TRADHISI LARA PANGKON ING WEWENGKON MOJOKERTO  
TINTINGAN (wujud , makna, pamanggih masyarakat)**

**Sultan Dwi Varid Murianto**

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
ahr@mhs.unesa.ac.id

**Drs. Sukarman, M.Si.**

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri  
Surabaya

**Abstrak**

Sajrone purwaka ing ngisor iki bakal diandharake ngenani bab kabudayan. Saliyane iku ing ngisor bakal ngandharake ngenani kabudayan Lara Pangkon ing tlatah Mojokerto, uga ing purwaka iki bakal jlentrehake ngenani kabudayan ing jawa timur. Tujuwan panliten iki yaiku: (1) Ngandharake wujud tradhisi LP ing Mojokerto. (2)Ngandharake makna tradhisi LP ing sajrone pernikahan. (3) Ngandharake pamanggihe masyarakat wewengkon Mojokerto marang tradhisi LP.

Manfaat panliten iki yaiku: Asile panliten iki yaiku Kabudayan minangka wujud tradhisi tinggalane leluhur kang isih dipercaya masyarakat semono uga kabudayan Jawa. Kabudayan Jawa iki maneka warna wujud, saben-saben dhaerah utawa saben suku nduweni tradhisi lan budayan dhewe-dhewe kabudayan ing Jawa Timur kaperang dadi wolu lan nduweni titikan dhewe- dhewe, uga diklompokake miturut budaya lan tlatahe, yaiku Jawa Mataram, Arek Samin, Tengger, Osing, Pandalungan, Medura Pulau, Medura Bawean lan Medura Kangan. Kabudayan nusantara kaperang dadi telu yaiku (1) kabudayan lokal, (2) kabudayan dhaerah, (3) kabudayan nasional. Saben-saben kabudayan kasebut ora bisa tuwuh dhewe-dhewe, antarane siji kabudayan kelawan kabudayan liyane iku nduweni gegayutan kang bisa ndadekake katelune kabudayan kasebut ora ilang.

Asil panliten nuduhake Tradhisi LP biyasane ditindakake dening masyarakat ing wewengkon Mojokerto. Tujuannindakake adicara LP iki supaya mangerteni yen putrane lanang utawa wadon arep nindakake pernikahan, uga digawe tetenger yen putra putrine arep mbangun bale wisma.

Asil panliten nuduhake: Tradhisi LP biyasane ditindakake dening masyarakat ing wewengkon Mojokerto. Tujuan nindakake adicara LP iki supaya mangerteni yen putrane lanang utawa wadon arep nindakake pernikahan, uga digawe tetenger yen putra putrine arep mbangun bale wisma, sakliyané iku LP uga digawe hiburan ing adicara pawiwahan lan pungkasan uga digawe nguri – uri kabudayan ing wewengkon Mojokerto. Tradhisi LP isih diugemi dening masyarakat wewengkon Mojokerto, Masyarakat kasebut nduweni kapitayan dhewe – dhewe ngenani LP, sebab tradhisi iki ora nduweni babagan mitos utawa mistis, dadi Masyarakat bisa nindakake uga ora nindakake ora dadi ngapa. Ing adicara LP nduweni makna kang akeh, kayata jago kang digawa paraga loro uga nduweni makna dhewe,lan pacaturan kang ditindakake nduweni sesanti dhewe – dhewe. Dadi LP bisa digawe tuladha kanggo urip bebrayan lan kanggo sangu penganten anyar kang arep mbangun bale wisma.

**Tembung wigati:** makna lan wujud tradhisi Lara Pangkon wewengkon Mojokerto kebudayaan

**PURWAKA**

Bageyan purwaka iki diprinci dadi limang subbab, yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjere panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panegese tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

**Landhesane Panliten**

Kabudayan minangka wujud tradhisi tinggalane leluhur kang isih dipercaya masyarakat semono uga kabudayan Jawa. Kabudayan Jawa iki maneka warna wujud, saben-saben dhaerah utawa saben suku nduweni tradhisi lan budayandhewe-dhewe. Ing jaman globalisasi kaya mangkene iki budaya Jawa tumrape masyarakat sithik baka sithik tansaya cures, sabab miturute masaraka budaya Jawa ing jaman saiki kuna lan kalah karo

budaya manca kang sarwa moderen lan canggih. Mula saka iku masyarakat mligine para mudha mudhi kudu bisa ngrembakake budayane dhewe ing jaman globalisasi lumantar alat kang canggih.

Miturut panemune Sutarto (2004:17) ngandharake yen kabudayan ing Jawa Timur kaperang dadi wolu lan nduweni titikan dhewe-dhewe, uga diklompokake miturut budaya lan tlatahe, yaiku Jawa Mataram, Arek Samin, Tengger, Osing, Pandalungan, Medura Pulau, Medura Bawean lan Medura Kangan. Ing tlatah Mataraman yaiku tlatah kang manggon ing sisih kulon dhewe wewatesan Jawa Tengah, saengga kanthi cara *sosio* budaya tlatah iki mirip klawan Jawa tengah. Tlatah Panaragan ngrembaka ing tlatah Ponorogo ing satemene isih bagian saka wilayah Mataraman. Wilayah Arek yaiku bagiyon saka tengah Jawa

Timur, saka Gresik sisih lor nganti malang sisih kidul. Wewengkon Samin yaiku wilayah cilik ing perbatasan saka Jawa Tengah lan Jawa Timur. Wewengkon Tengger manggon ana ing pagunungan Tengger kang ana ing gunung Bromo. Wewengkon Osing manggon ing sisih wetan Jawa Timur ing kabupaten Banyuwangi. Wewengkon Pandalungan ing antarane budaya Jawa lan Madura. Saka perangan kabudayan kang wis di klompokake bisa dideleng yen budaya Jawa maneka warnane.

Sudikan (2001:4-6) ngandharake yen kabudayan nuswantara kaperang dadi telu yaiku (1) kabudayan lokal, (2) kabudayan dhaerah, (3) kabudayan nasional. Saben-saben kabudayan kasebut ora bisa tuwuh dhewe-dhewe, antarane siji kabudayan kelawan kabudayan liyane iku nnduweni gegayutan kang bisa ndadekake katelune kabudayan kasebut ora ilang. Kabudayan lokal ora bisa kuwat tanpa disengkuyung kabudayan dhaerah, kabudayan dhaerah ora bisa kuwat tanpa disengkuyung kabudayan nasional, lan uga sawalike. Kabudayaan dhaerah yaiku pamikiran saka gagasaning karya masyarakat dhaerah tartamtu.

Salah sawijining kabudayan *lokal* ing Mojokerto kang kalebu paraga saka kabudayan Jawa yaiku LP ing sajrone pernikahan. Tradhisi LP yaiku tradisi kang turun temurun ing wewengkon Mojokerto mligine tlatah Wates Ngoro kecamatan Ngoro. Tradhisi LP utawa uga kang diarani jago LP dianakake sadurunge adicara pernikahan. Pernikahan utawa perkawinan nnduweni teges manunggaling jiwa Lara kang beda yaiku lanang lan wadon. Nganti tuwuh unen - unen saka masyarakat Jawa yaiku garwa kang ateges sigarane nyawa.

Nikahan minangka kabutuhane manungsa, pernikahan saka hakekat wujud lan sabda dhawuhing Gusti Pengeran kanggo menungsa supaya bisa nnduweni keturunan. Mula yen diwawas saka hakekat perkawinan iku minangka babagan kang sakral. Tatacara pernikahan adat Jawa minangka wujud nyata wawasane manungsa tumrap hakekate pernikahan kang fokus utamane ngarah menyang titis wiji (ngasilake keturunan). Mula perkawinan kudu tetep dilaksanakake amarga kodrat lan kewajiban saka Gusti kang Akariya Jagad.

Tradhisi LP biyasane ditindakake dening masyarakat ing wewengkon Mojokerto. Tujuan nindakake adicara LP iki supaya mangerteni yen putrane lanang utawa wadon arep nindakake pernikahan, uga digawe tetenger yen putra putrine arep mbangun bale wisma, sakliyane iku LP uga digawe hiburan ing adicara pawiwahan lan

pungkasan uga digawe nguri-uri kabudayan ing wewengkon Mojokerto.

Tradhisi LP isih diugemi dening masyarakat wewengkon Mojokerto, Masyarakat kasebut nnduweni kapitayan dhewe-dhewe ngenani LP, sebab tradhisi iki ora nnduweni babagan mitos utawa mistis, dadi Masyarakat bisa nindakake uga ora nindakake ora dadi ngapa. Ing adicara LP nnduweni makna kang akeh, kayata jago kang digawa paraga Lara uga nnduweni makna dhewe,lan pacaturan kang ditindakake nnduweni sesanti dhewe-dhewe. Dadi LP bisa digawe tuladha kanggo urip bebrayan lan kanggo sangu penganten anyar kang arep mbangun bale wisma.

Panliten tradhisi LP ing sajrone pernikahan iki sangertine panlitan durung tau dijupuk utawa diteliti. Panulis njupuk babagan kasebut amarga bab iki narik kawigaten yen ditintingi saka aspek makna, fungsi lan owah-owahane kabudayan. Babagan kang paling wigati saka LP iki bisa nnduweni pangaribawa kang gedhe banget tumrap masyarakat kanggo urip bebrayan. Tujuwane supaya mangerteni sepira wigatine LP kanggo masyarakat, lan iku uga kanggo nguri-nguri kabudayan Jawa supaya ora cures lan supaya tambah ngrembaka.

#### **Undere Panliten**

Underane panliten kang arep ditintingi, yaiku masalah fungsi, makna lan pamanggih Masyarakat marang tradhisi LP ing tlatah Mojokerto. Masalah kang arep dirembug bisa diandharake kaya ing ngisor iki :

- (1) Kepriye wujud tradhisi adicara LP ing Mojokerto ?
- (2) Kepriye makna saka tradhisi LP ing sajrone pernikahan ?
- (3) Kepriye pamanggihe masyarakat Mojokerto ngenani tradhisi LP ?

#### **Tujuwane Panliten**

Tujuwan panliten iki kanthi umum yaiku ngasilake dheskripsi kang cetha ngenani tradhisi LP supaya tradhisi iki ora tansaya cures kena pangribawane globalisasi ing jaman saiki. Kanthi mligi penliti iku nnduweni tujuan:

- (1) Ngandharake wujud tradhisi LP ing Mojokerto.
- (2) Ngandharake makna tradhisi LP ing sajrone pernikahan.
- (3) Ngandharake pamanggihe masyarakat wewengkon Mojokerto marang tradhisi LP.

### **Paedahe Panliten**

Asil saka panliten iki supaya bisa dadi wawasan lan njembarake kaweruhe panliti uga masarakat. Panliten uga nduweni pangarep-arep supaya tradhisi iki bisa tansaya ngrembaka, lan maedahi. yaiku minangka:

- (1) Kanggo nyengkuyung pangrembakane ilmu budaya Jawa .
- (2) Pangrembakane budaya Jawa mligine tradhisi LP ing sajrone pernikahan.
- (3) Rekaman budaya Jawa mligine tradhisi LP sajrone pernikahan supaya bisa digunakake kanggo arsip kabudayan.

### **Watesane Panliten**

Tradhisi LP ing kene mung jlentrehake ngenani pernikahan banjur temu manten, khususene pernikahan ing wewengkon Mojokerto. Pernikahan minangka kewajiban tumrape manungsa, khususene tradhisi iki yaiku tumrap para masarakat Jawa . Tradhisi LP beda klawan tradhisi-tradhisi liyane, ing kene mung ngadharake sangune mbangun bale wisma lan teges apa kang digawa nalika budhal menyang omahe penganten putri, kang kasebut iring-iring.

### **TATA CARANE PANLITEN**

Ing panliten iki panulis migunakake *pendekatan kualitatif*. Bodgan lan Taylor sajrone Moleong, (2009:4) ngandharake paliten *kualitatif* yaiku minangka prosedhur panliten kang ngasilake dhata *dheskrepsi* kang arupa tembung – tembung kang ditulis lisan lan solah bawa kang dijlimeti. Denzin lan Linclon (sajrone Moleong, 2002:3) ngandharake yen panliten kualitatif yaiku panliten kang nggunakake *latar alamiah*, kanthi maksud kanggo nafsirake prastawa kang dumadi lan dilakoni kanthi cara nggunakake metodhe kana ana. Sudikan (2001:85) metode panliten diselarasake karo maksud lan tujuan panliten. Sajrone panliten iki nggunakake metode panliten kualitatif *dheskriptif* kanggo nggaambarake kahanan kanthi luwih objektif.

Panliten *kualitatif* ing adicara Lara Pangkon asipat *dheskriptif*, amarga dhata kang diasilake awujud tetembungan lan saperanagan gambar uga makna kang ngandhut ana ing adicara Lara Pangkon. Dhata yaiku sawijine bahan kang nyata kang bisa didadekake dhasar kajian (Moeliono, 1989:187) ing panliten Lara Pangkon iki ing sajrone pernikahan iki bisa dijupuk saka dhata arupa lisan lan gambar. Dhata kang arupa lisan bisa diarani *informasi lisan* saka *informan*. Dhata kang arupa gambar bisa diarani *dhokumentasi*, dhata iki kuwat banget kanggo njlentrehna lan tanggung jawab panliten marang apa kang wis diteliti.

Koentjaraningrat (1985: 125) tujuwan panliten *dheskriptif* yaiku kanggo njlentrehake, gegambaran, alasan kang urut utawa sistematis lan bisa dibuktakake ing kasunyatan, kabudayan, sipat – sipat, prosedhur lan kahanan. Ing panliten iki niliti sakabehe subjek panliten yaiku babagan LP sajrone pernikahan nganti oleh dhata kang dikarepake. Dhata kang wis kasunyatan kang ana panggonan ing panliten kanthi nggunakake metodhe *dheskreptif kualitatif* saengga bisa ngasilake dhata kang dibutuhake lan ngasilake dudutan.

### **Papan Panliten**

Lokasi panliten ngenani LP ing wewengkon Mojokerto. Panliten iki ditindakake ing daleme informen lan paraga LP kang tau nindakake adicara LP. Tradhisi LP minangka ciri khas wewengkon Mojokerto, ing panliten iki ditindakake ing Desa Banyu legi Kecamatan Dawar Kabupaten Mojokerto ing daleme bpk Samijan lan ibu Paiton ingkang kagungan hajat mantu putra kang paring asma Selin Wahyuning Tiyas. Adicara ing daleme bpk Samijan iki nggunakake adicara LP kang diiringi karawitan Sriasih saka Jombang, uga kang dadi paraga LP yaiku cak Slamet lan cak Trubus.

### **4.1 Gegambarane Kabupaten Mojokerto**

Bab gegambarane Kabupaten Mojokerto luwih dhisik diandharake sadurunge ngandharake asile panliten. Panulisan sejarah Kabupaten Mojokerto uga bakal diadharake ing ngisor iki, sejarah Kabupaten Mojokerto, kahanan kecamatan, pendhudhuk, pangupajiwa, pedhidhikan, agama lan warisan budaya.

#### **4.1.1 Sejarah Kabupaten Mojokerto**

Kabupaten Mojokerto yaiku sawijining kabupaten kang manggon ing sisih wetan Jawa Timur. Kabupaten iki wewatesan klawan Kabupaten Lamongan, Gresik, Sidoarjo, Pasuruan, Malang, uga wewatesan klawan Jombang. Mojokerto uga nduweni wilayah pagunungan, ing wilayah sisih kidul Mojokerto ana gunung wlirang kang ambane (3.156m) lan gunung anjasmara (2.227m). Kabupaten Mojokerto uga nduweni crita kang gumathuk marang sejarane Kabupaten Mojokerto. Sawise Sang Prabu Sri negara Kertatiba, kraton Singhasari miturut wewenang saka Sang Prabu Jayakatwang saka Kadiri. Salah sawijine katurunan saka panguwasa Singasari, Raden Wijaya, banjur nyoba kanggo nulung leluhuripun. dheweke katurunan Ken Arok raja Singasari pisanan lan putra Dyah Lembu Tal. dheweke uga kondhang kanthi jeneng liyane, yaiku Naraya Sanggramawijaya. Miturut sumber-sumber sajarah, Raden Wijaya iku mantu Kertanagara sing isih

kalebu ponakan. Kitab Pararaton nyebutake dheweke pala krama anak saka Sang Prabu, nanging buku Nagarakertagama nyebutake dudu loro, nanging papat anak wadon ing kraton negara di palakrama kabeh. ing wektu Jayakatwang nyerang Singhasari.

Kasoring jurit sing ditandhang Singhasri nyebabake Raden Wijaya nggolek panggon ngungsi ing desa sing jenenge Kudadu, kesel dioyak mungsuh amarga pasukane sing kari ana rolas, prajurit Raden Wijaya bisa nglintasi segara kanggo Madura lan ana pangayoman saka Arya Wiraraja. Saka bantuan Arya Wiraraja, Raden Wijaya banjur bali menyang Tanah Jawa lan ditampa dening Prabu Jayakatong. Ora suwe sawise dheweke diwenahi wilayah ing alas Terik supaya dibabat dadi desa, bisa kanggo benteng serangan mungsuh saka lor Brantas kali. Kabeh merga bantuan saka Arya Wiraraja banjur didadekake desa anyar jenenge Majapahit. Ing desa iki Raden Wijaya banjur mimpin lan ngumpulake kekuatan, utamane marang wong sing setya dening Kertanegara, pungkasan sing asale saka Daha lan Tumapel. Arya Wiraraja nyepakake pasukan ing Madura kanggo mbantu Raden Wijaya nalika wektu sing dibutuhake. Nyatane dheweke kurang seneng marang raja Jayakatwang.

Taun 1293, Jawa katekan pasukan Cina sing dikirim dening Kubhilai Khan kanggo ngukum Singasari. Tekane iki dimangerteni dening Raden Wijaya dheweke njaluk ijin kanggo nggabungake pasukan Cina. Serangan menyang Daha dilakokake saka daratan lan kali, saka esuk nganti awan. Pasukan saka China lan Raden Wijaya 5,000 pasukan kasil mateni tentara Daha. Kanthi kekuwatan sing mung setengah, Jayakatwang mundur kanggo ngungsi ing sajroné benteng. Sorene dheweke sadhar yen piyambake ora bisa mertahanake Daha maneh, Jayakatwang metu saka benteng lan masrahake ragane kanggo mengko dijupuk dening pasukan Cina.

Dikawal prawira loro lan 200 pasukan saka China, Raden Wijaya nyuwun ijin bali menyang Majapahit lan nyiapake pajeg kanggo Kaisar Kublai Khan. Nanging, kanthi nggunakake loro prawira lan pengawal bisa ditumpes dening Raden Wijaya. Dheweke mimpin pasukan Majapahit lan nyerbu pasukan Cina sing isih ana sisane, lan ora diselaki yen iku kabeh panyuwune Raden Wijaya sing bakal tumindak sing kaya mangkono iku. Telung ewu anggota saka pasukan kerajaan Cina Yuan ditumpes dening pasukan Majapahit, liyane mlayu metu saka Jawa. Akhire gegayuhane Raden Wijaya kanggo nyelehake Daha lan mbales Jayakatwang bisa diwujudake lan oleh bantuan saka tentara asing. Dheweke banjur nyatakake ngadega kraton

kang disebut Majapahit. Ing 1215 Raden Wijaya iki dilantik minangka raja pisanan. Kapapat anak Kertanegara digawe permaisuri kanthi gelar Sri Parameswari Dyah Dewi Tribhu waneswari, Sri Mahadewi Dewi Dyah Narendra dhuta, Sri Jayendradewi Dyah Dewi paramita, lan Rajendradewi Sri Dyah Dewi Gayatri.

Saka Tribhu Waneswari dheweke pikantuk putra kanthi asma Jayanagara minangka putra makutha sing mrentah ing Kadiri. Raden Wijaya isih nikah maneh, saka Jambi Sumatra, jenenge Dara Petak. Wong wadon liyane sing uga teka bebarengan Dara Petak yaiku Dara Orange, di palakrama dening raja duwe anak lanang kang aran Gusti Janaka, sing padha yaiku Adityawarman, raja Melayu ing Sumatra, Tekane wong wadon Lara Jambi iku asile kekadangan dening Kertanegara raja Melayu Jambi, supaya bisa bebarengan kanggo mbendung pengaruh Kubhilai Khan. Ing basis saka paseduluran raja Melayu, Srimat Tribhu Wanara Mauliwarmadewa, ngirim loro sedereke kanggo mbangun balewisma klawan raja Singhasari. lan pungkasane bali menyang tanah asale.

Raden Wijaya mati ing 1309, banjur diganti dening Jayanagara. Kaya sakwise ing mangsa akhir pimpinane bapake, ing mangsa pimpinan raja Jayanagara akeh pemberontakan. wong-wong sing sadurunge ngrewangi Raden Wijaya ngedhekake kerajaan Majapahit. pengaruh lan ngiyanti nyebabake akeh pahlawan sing lelabuane gedhe pungkasane dicap dadi mungsuh saka kerajaan. Ing kawitan Jayanagara uga kena pengaruh dening anjuran saka Mahapati sing dadi musuh kuwi, dheweke banjur nyadhari kesalahan iki lan mrintahake pengawale kanggo ngukum mati wong kapercayane iku. Ing kahanan kaya mengkono prajurit sing pinter lan wani jenenge Gajah Mada. Piyambake minangka karakter sing ngatur siasat, ing liya wektu bakal nggawa Gajah Mada ing kalungguan sing luwih dhuwur ing jajaran pemerintaha kerajaan Majapahit.

Ratu Jayawisnuwadhani mrentah prajurite, 22 taun sadurunge mudhun dadi ratu lan diganti dening putrane saka dhedhaupane Hayam Wuruk Lasem, panguwasa Singasari. Hayam Wuruk dilantik dadi raja ing taun 1350 kanthi gelar Sri Rajasanagara. Gajah Mada terus ngawula minangka Patih Hamangkubumi maha Patih sing wis dijupuk nalika ngabdi marang ibune Sang Prabu. Ing pamarentahan Hayam Wuruk saka Majapait nggayuh. ambisi Gajah Mada kanggo njunjung nuswantara nampa asil ing wektu iki saengga pengaruh kekuasaan Majapahit dirasakake nganti Semenanjung Malaysia, Sumatra, Kalimantan, Maluku, lan Papua.

Minangka asil perang Dyah Pitaloka lampus sabab perkawinan politik rong karajan ing Jawa wis gagal. Sajrone kitab Pararaton kasebut sing sawise kedadean Hayam Wuruk dianakake upacara gedhe kanggo ngormati wong Sundha sing mati ing kedadean iku. Kudu dieleng-eleng ing wektu sing padha nggawa Kratoning nyata saka Majapahit uga nganakake sayembara kanggo mimpin dening senior jenenge Nala.

Prabu Hayam Wuruk seda ing 1389. Menantu sing uga ponakan dhewe jenenge Wikramawardhana munggah tahta dadi raja, iku ora Kusumawarddhani kang bisa langsung keturunan saka Hayam Wuruk. Panjenengane jumeneng kanggo rolas taun sadurunge mudhun ing kerajaan minangka pendheta. Sadurunge mudhun tahta dheweke ngongkon putrie, Suhita dadi ratu, nanging ora disetujoni dening Bhre Wirabhumi, Hayam Wuruk putra saka garwa ampil kang nyuwun tahta saka ponakane. royokan panguwasa iki pikantuk hasil perang saudara sing dikenal Perang Wirabhumi sing sadurunge oleh kemenangan, wekasane wis nylametake awak. Wirabhumi ilang malah pungkasanedipateni dening Raden Gajah. Kaluwarga nggawa dendam sing ora ana entheke. Sawetara taun sawise mateni Wirabhumi saiki ganti Raden Gajah dipateni amarga dianggep salah mateni bangsawan kasebut.

kahanan pindhah saka pangawasan nalika Dyah Suryawikrama Girisawardhana munggah tahta. Piyambake ora suwe mimpin kerajaan amarga sawise serangan. ing tahun 1522 Majapahit diarani minangka kerajaan nanging mung kutha. Pemerintah ing pulau Jawa wis diuripake kanggo Demak dipimpin Adipati Unus, putra Raden Patah, pendiri kerajaan Demak kang isih keturunan Kertabumi. Panjenengane ngrusak Majapahit amarga kepingin males musuhe kang ngalahake Prabu Dyah Girindrawardhana Ranawijaya. Banjur ing 1478 Majapahit ancur dadi kerajaan penguasa nusantara lan berubah dadi daerah sing dikuwasi raja Demak. sarampunge penguasaan raja-raja saka Hindhu ing Jawa Timur diwiwiti dening Keng Arok netepake Kratoning Singasari, iki diganti dening wangun anyar saka Kakaisaran gaya Islam. ([www.disparbud-Mojokerto//sejraah.ac.id](http://www.disparbud-Mojokerto//sejraah.ac.id))

#### 4.1.2 Kahanan Kecamatan

Kabupaten Mojokerto iku kasusun saka pirang-pirang kecamatan. Dene kecamatan-kecamatan sing kalebu wewengkon Kabupaten Mojokerto ing antarane yaiku, Jatirejo, Gondang, Pacet, Trawas, Ngoro, Pungging, Kutorejo, Mojosari, Bangsal, Mojoanyar, Dlanggu, Puri, Trowulan, Sooko, Gedeg, Kemlagi, Jetis,

Dawarblandong, lan Kabupaten Mojokerto. Sacara umum wilayah Kabupaten Trowulan bisa dideleng saka aspek *fisik* kayata letak wilayah, jembar wilayah, lan topologi.

#### A. Letak Wilayah

Wilayah Kabupaten Mojokerto manggon ing antarane 111° 20'13" nganti 111° 40'47" bujur timur lan antara 7°18'35" nganti 7° 47" lintang selatan. Kanthi geografis Kabupaten Mojokerto ora winates karo pantai, mung winates karo wilayah kabupaten Mojokerto liyane

Sisih lor: Kabupaten Lamongan lan Kabupaten Gresik

Sisih Wetan : Kabupaten Sidoarjo lan Kabupaten Pasuruan

Sisih kidul : Kabupaten Malang

Sisih kulon : Kabupaten Jombang

Posisi utawa panggon Kota Mojokerto ana ing tengah-tengah Kabupaten Mojokerto sing tegese Kabupaten Mojokerto ngupengi wilayah Kota Mojokerto.

#### B. Kondisi Topografi

Kabupaten Mojokerto nduweni karakteristik topografi sing dhuwur ing sisih kidul lan lor sing arupa pegunungan sing subur. Sisih tengah minangka wilayah dataran, kamangka sisih lor awujud dhaerah perbukitan kapur sing kurang subur. Kabupaten Mojokerto kang amba yaiku wilayah Kabupatene dhewe, yen wilayah Kutha mung sithik amarga wilayah kutha Mojokerto Mnggon ing sisih kulon perbatasan klawan Kabupaten Jombang.

Wilayah Kabupaten Mojokerto sing nduweni *kemiringan tanah* luweh saka 15 derajat yaiku 207,645 Km<sup>2</sup>, kamangka sisane awujud wilayah dataran karo *tigkat kemiringan* lahan kurang saka 15 derajat. Papan panggonan kang duwur kecamatan-kecamatan ing wilayah Kabupaten Mojokerto rata-rata ingngisor 500 m saka permukaan laut, kecamatan sing nduweni *ketinggian tertinggi* yaiku Kecamatan pacet, ing ngendi ketinggiane manggon ing luweh 700 m saka permukaan laut.

Kanthi administratif wilayah Kabupaten Mojokerto jumlahe ana 18 kecamatan, 304 desa. Luas wilayah kanthi keseluruhan Kabupaten Mojokerto yaiku 692,15 km<sup>2</sup> ing ngendi yen di dideleng wilayah Kecamatan Dawarblandong awujud kecamatan kanthi luas wilayah sing paling gedhe. Sebab ing wilayah Dawar Blandong dikebaki alas kang wewatesan karo Kecamatan Kemlagi. Kecamatan Dawar Blandong uga wewatesan karo

kabupaten Gresik, Dawar Blandong manggon ing sisih elor dhewe.

### C. Jembar Wilayah

Kabupaten Mojokerto kaperang saka 304 desa, jembare wilayah Kabupaten Mojokerto yaiku 692,15 km<sup>2</sup>. Wilayah sisih lor Kabupaten Mojokerto kang paling amba dhewe yaiku Kecamatan Ndawarblandong. Kecamatan paling amba angka Lara yaiku Kecamatan Ngoro kanthi jembar 57,48 km<sup>2</sup>. Sabanjure iku, kasusul dening Kecamatan Jetis minangka kecamatan sing jembar wilayahe paling gedhe katelu ing Mojokerto kanthi jembar 57,17 km<sup>2</sup>. Kecamatan-kecamatan sing jembar wilayahe paling sithik utawa ciyut yaiku Kecamatan Bangsal, Sooko, lan Gedheg. Katelu kecamatan iku jembare paling sithik ing Mojokerto. Jembare Kecamatan Bangsal yaiku 24,06 km<sup>2</sup>. Kecamatan Sooko lan Gedheg jembare 23,46 lan 22,98 km<sup>2</sup>.

Kabupaten Mojokerto minangka salah sawijine kabupaten ing Jawa Timur sing nduweni gunung utawa alas. Kecamatan ing Mojokerto sing kanggonan gunung yaiku Trawas, Pacet, lan Kuthorejo. Ora mokal yen telung Kecamatan iki nduweni papan sing paling ndhuwur ing antarane kecamatan-kecamatan liyane ing Mojokerto. Kahanan iku adhedhasar dhuwure lemah ing wilayah kecamatan kasebut sing diukur saka ndhuwure segara. Dhuwure Kecamatan Trawas yaiku 800 m saka ndhuwure segara. Kapindho yaiku Kecamatan Pacet sing nduweni ndhuwur 570 m lan kasusul Kecamatan Kuthorejo 500 m saka ndhuwure segara.

### 4.2 Wujud Tradhisi Lara Pangkon ing Wewengkon Mojokerto

Tradhisi LP minangka tradhisi sing ana ing tlatah Mojokerto. Tradhisi iki ditindakake ing adicara pawiwahan manten. Bisa uga diarani menawa dadi ciri khase pawiwahan manten ing Mojokerto. Kahanan iku dumadi amarga tradhisi iki bisa ditemokake ing pawiwahan manten tlatah Mojokerto. Kejaba iku, rikala semana tradhisi iki uga dianti-anti dening para warga ing sacedhake adicara pahargyan temanten. Bab iku bisa dideleng ing pethikan wawancara ngisor iki.

“Tradhisi lara pangkon niku lak entene mek teng manten se Mas. Niku nggih dadi ciri khase manten teng Mojokerto. Trus Nek kapanane enten lara pangkon niku warga sekitar mesthi ngenteni mas. Nggih padha nglumpuk ningali ngoten. Napa malih nek pamanggihe niku diiringi gamelan

langsung. Hla saderenge niku lak mesthi giro se utawi gendhing-gendhing, niku nggih mpun mulai nglumpuk.” (Cak Slamet, 3 Juni 2016)

Cak Slamet minangka narasumber uga paraga LP ngandharake menawa tradhisi LP iku bisa ditemokake ing adicara manten. Ewa semana tradhisi LP mung bisa ditemokake ing tlatah Mojokerto. Saliyane iku, tradhisi iki uga bisa diarani dadi ciri khas mantenane bebrayan Mojokerto. Sanadyan mangkono, ora saben adicara pahargyan temanten ing Mojokerto nggunakake LP. Kahanan iku gumantung dening sing nduwe kajat utawa sing mengku gati. Padatane, menawa sing mangku gati iku isih ngugemi tradhisi, tamtu bakal nggelar adicara LP.

Adicara LP bisa dadi sarana panglipur ing adicara pawiwahan manten. Diarani mangkono, amarga saben-saben pagelaran LP, akeh warga desa sing nonton saperlu golek panglipur. Wiwit saka bocah cilik nganti diwasa akeh sing ngantu-antu pagelaran LP. Luwih-luwih menawa pagelaran iki diiringi gamelan langsung utawa *live*, bakal luwih akeh sing teka amirsani. Kejaba iku, sadurunge paraga LP nglaksakake kwajibane, para pengrawit bakal atur gegendhingan luwih dhisik utawa sing diarani giro.

Paraga lara pangkon iki cacache Lara sing disengkuyung karo para pengrawit utawa wiyaga. Paraga Lara iku dinggaambarake kaya sesulih saka manten wadon lan lanang. Paraga nggawa bokor lan ngrema, dene paraga kapindho sing nggendhong jago-jagoan ing pagelaran LP. Bab iku bisa dideleng ing pethikan wawancara ngisor iki.

“kangge paragane niku sing baku lak kalih. Nek liyane kados pengrawit kalih sindhen niku tambahan. Kalih niku sing pertama niku mragakakaken kaya-kaya sing nggadhadh damel biasae disebutna jenenge sing nggadhadh damel trus nggih nggadhadh jeneng dhewe nggih niku Pak Turah. Paraga niki mbeta bokor kalih ngrema. Hla nek mpun mantun ngrema trus metu paraga kedua niki gegambarane kaya tiyang nglamar sing nggawa jago. Berarti niki ndugi manten lanang. Hla jenenge niku Pak Cukup.” (Cak Slamet, 3 Juni 2016)

Pethikan ing ndhuwur kajupuk saka asile wawancara karo Cak Slamet. Narasumber

ngandharake menawa paraga LP cacah Lara. Sepisan, paraga sing nggawa bokor lan ngrema iku minangka gegambarane sing nduwe gawe utawa bapake manten wadon. Paraga iki ing LP disebutake cundhuk karo jenenge sing nduwe gawe. Kejaba iku uga nduweni jeneng tambahan sing baku yaiku Pak Turah. Jeneng mligi kanggo paraga panggawa bokor iki tansah ajeg tan tetep ana ing LP.

Paraga angka Lara yaiku paraga sing nggendhong jago-jagonan. Metune paraga iki sawise bparaga sepisan rampung anggane ngrema. Paraga pangrema jenenge kawuwuhan Pak Turah, dene paraga sing nggawa jago iki jenenge Pak Cukup. Paraga Pak Cukup minangka gegambarane saka bapake manten lanang sing nduweni jago. Jago iku pitik sing wis kancik diwasa. Sejatine iki minangka pralambange jejaka sing wis kancik diwasa lan wis titi wancine rabi.

Sejatine TLP iki bisa digunakake kanggo pasrah lan panampa manten. Pasrah manten yaiku adicara ing pahargyan manten sing ditindakake dening sesulih saka kulawarga manten lanang kanggo masrahake manten lanang marang kulawarga manten wadon. Suwalike, panampa yaiku sesorah ing pahargyan manten sing tujuwane nampa pasrahe temanten putra sing ditindakake dening wakil kulawarga manten putri. Adicara pasrah lan panampa iki kerep ditindakake nalika sarampunge temu manten. Dene adicara LP iku ditindakake sadurunge temu manten. Ewa semana, isi lan ancane ing dhialog paraga LP iku ngluwahi adicara pasrah lan panampa. Bab iku bisa dideleng ing pethikan wawancara ngisor iki.

“Ngene mas nek saiki TLP jarang digawe sebab adicara iku wis langkah ya tur miturute masyarakat wis kadaluarsa, akeh para priyayi kang saiki jlentrehna bab-bab ngenani manten, nanging ing tahun-tahun iki adicara iku isi ana sing ngugemi uga isih ana sing naggap, lek biyen aku karo cak trubus (alm) isih akeh banget terop TLP sebab biyen jarang ana priyayi utawa ustat, nanging saiki uga jarang digawe sebab para ustat, yai, uga bias jlentrehna nanging beda karo TLP, yen LP iku jlentrehna bab Jawa kang akeh artine, yen saiki akeh para yai, ustat kang mejang marang temanten sarimbit, ngunu critane mas..” (Cak Slamet, 3 Juni 2016)

Pethikan ing nduwur kajupuk saka asile wawancara karo Cak Slamet minangka paraga LP. Ing antarane tahun 1993 nganti 2000 isih akeh banget kang nggunakake adicara LP, ananging keterak ilining jaman tansaya maju uga tasaya modern adicara LP iki tansaya cures, amarga akeh kang wong padha pinter mejang uga paring pitutur marang temanten sarimbit. Mula saka iku Cak Slamet lan sakancane arang banget ngayahi jejibahan LP ing tahun-tahun modern.

Adicara LP iki minangka gantine adicara pasrah tanpa ing wektu dina kalungguan iki, yen ing adicara LP kang dibeper utawa dijlentrehake jangkep banget ora ana kang kari siji wae. Ananging ing wetu dina kalungguan iki mung wejangan utawa pitutur tumrape para temanten sakLaran kang diwejangake dening para ustat utawa yai. Mula saka iku adicara LP lan pasrah tanpa saiki beda banget.

Tradhisi LP minangka sawijining tradhisi kang dadi cirikhas ing wewengkon Mojokerto. Mojokerto sing akeh tradhisi uga pariwisata iki wis akeh dikenal masyarakat, mligine masyarakat njaba Mojokerto. Tradhisi lan Pariwisata kayata Tradhisi LP, Tradhisi adus ing sendhang, Tradhisi manten lan liya-liyane, uga Pariwisata sing akeh kayata Pariwisata ing Trowulan candhi-candhi, Kabudayan kang akeh kayata budaya Banthengan, Lodrug, Jaranan, Wayangan. Kabeh iki minangka Kabudayan ing Mojokerto sawijine yaiku tradhisi LP. Bab iki bisa dideleng ing petikan dhialog ing ngisor iki.

“Iki ngomong masalah Budaya ya mas, Mojokerto mas gak kekurangan budaya, aku biyen nalikane isih nom-noman nyambutgawe ing keperluan mas, lah saksuwene aku nyambut gawe ing pemerintahan iku ana pengangkatan PNS, ning aku luwih milih dadi seniman mas, merga apa? aku yakin sawijining dina Budaya, Tradhisi, uga Pariwisata bakal tansaya moncer uga akeh, kaya tradhisi LP ing taune. (Cak Slamet, 3 Juni 2016).

Pethikan ing duwur dijupuk saka wawancara karo cak Slamet minangka paraga LP. yen dheweke luwih milih dadi seniman tinimbang pegawai negri, sabab dheweke tresna marang budaya lan kepingin nguri-nguri kabudayan ing Kabupaten Mojokerto. Mula saka iku miturut pamikiranane Cak Slamet ing taun-taun modern bakal ana wolak walike jaman.

### 4.3 Makna Lara Pangkon lan Tata Cara Pahargyan Manten ing Mojokerto

Sesambungan antarane tradhisi LP lan pahargyan iku penting banget ing wilayah Mojokerto, sebab tradhisi LP iku nerangake kedadean kang bakal dialami, uga kanggo tetenger yen pengaten skakung isih jaka lan temanten putri isih perawan. Ing perengan iki bakal diandharake ngenani makna LP. Kejaba iku uga bakal diandharake tata cara pernikahan ing Mojokerto. Kahanan iku ditindakake amarga Lara Pangkon dumunung sajrone pahargyan manten. Mula saka iku bakal diandharake luwih dhisik tata cara pahargyan manten.

#### 4.3.1 Tata Cara Pahargyan Manten ing Mojokerto

Perangan iki bakal nerangake tata cara utawa urutan-urutan pahargyan manten ing Mojokerto. Sejatine tata carane padha karo tata cara temanten adat Surakarta, nanging bab iki kudu tetep diandharake supaya luwih cetha. Kejaba iku perangan iki ana sesambungane karo tradhisi LP. Dene rerantamane pahargyan manten ing Mojokerto yaiku:

##### 4.3.1.1. Akhad Nikah

Akhad nikah yaiku sawijining adicara kang wigati banget kanggo pernikahan, adicara iki dilaksanakake sakdurunge adicara temu manten. Adicara iki sawijining upacara kang religius uga kang hikmat ing pernikahan. Ijab qobul yaiku adicara penganten kang bakal ngucapake janji - janji pernikahan selawase. Bab iku bisa dideleng ing gambar lan pethikan wawancara ing ngisor iki.

"Ijab Qobul itu kan prosesi pengesahan perjodhohan supaya sah secara agama dan administrasi pemerintahan. Acara ini mas, manten diijabkan oleh penghulu dan harus ada saksinya. Kemudian mendapat buku nikah bukti sah diadministrasi. Ada juga mas yang hanya ijab qobul tanpa ada buku nikah itu namanya nikah siri." ( Bagong MC, 18 Desember 2012 )

Narasumber mratelakake menawa ijab qobul minangka sarana kanggo ngsahake jejdhone manten lanang lan wadon. Temanten putra ngucapake janji ing ngarepe pengulu minangka tandha bukti yen mangun bale wisma. Kejaba iku, ijab qobul minangka sarana sahe jejdhon manut

pamawas agama lan pamarentah. Kahanan iku amarga sawise ijab qobul bakal antuk surat sing awujud buku minangka bukti sacara ukum pamarentahan sahe pernikahan.

Nalika ijab qobul kudu ana telung paraga. Paraga telu iku yaiku temanten lanang wadon, pengulu, lan seksi. Saduruge adicara iki, calon pinanganten putra lan putri kudu ngurusi lan njangkepi pirang-pirang sarat wiwit saka RT, desa, kecamatan, nganti tumekane KUA. Bab iku kudu ditindakake supaya pernikahan bisa diakoni dening ukum agama lan administrasi pamarentahan.

#### 4.3.1.2 Temu Manten

Temu manten minangka adicara temune pinanganten putra lan putri ing sasana pahargyan. Adicara temu manten nduweni pirang-pirang perangan. Bisa uga diarani adicara sajrone adicara temu manten. Dene sawenehe adicara iku ing antarane: Tukar Kembar Mayang, Balang Gantal, Wiji Dadi, Sinduran, Timbang Bobot, Dhahar klimah unjuk rujak dogan, lan Sungkeman.

"Kalau membicarakan temu manten mas, ini tidak bisa lepas dengan ijab qobul. Karena gini, temu manten ini boleh dilaksanakan apabila sudah melaksanakan ijab qobul. Yang sudah saya terangkan diawal tadi. Hla di dalam temu manten ini banyak langkah-langkahnya mas." (Bagong MC, 18 Desember 2016)

Adicara temu manten dilaksanakake sakwise ijab qobul, kanggo nemokake penganten ing papan paregol. Panggeh temanten iki kang ana sesambungane klawan LP, ana tembung-tembung kang diucapake marang paraga LP nalika panggeh temanten. Tata carane panggeh pinanganten putra kang ana sakjabane paregol kang diiringi para sanak kadang ing gurine, penganten putra klawan sanak kadang mlaku bebarengan tumuju paregol bakal ditemokake ing paregol, ing kono uga kang siyap siyaga sak jerone terop yaiku penganten putri uga bakal ditemokake ing pregolan kang bakal nindakake balangan gantalan. Ing sajrone adicara temu manten ana saperangan kagiyatan sing kudu di terusake, kayata ing ngisor iki:

##### A. Tukar Kembar Mayang

Adicara sajrone temu manten sing sepisan yaiku tukar kembar mayang. Tukar iku bisa diarani liru utawa ijol-ijolan, kembar iku padha, dene mayang bisa ditegesi kembang. Dadi adicara iki ijol-ijolan kembang utawa sekar. Arane sekar sing

digunakake yaiku sekar adi kalpataru, Jaya ndaru, uga ana sing ngarani Jaya ndaru. Bab tukar kembar mayang bisa dideleng ing gambar lan pethikan wawancara ing ngisor iki.

#### 4.3.2 Makna lan Tata Cara Lara Pangkon

Perangan iki minangka punjer kanggo mangsuli underane panliten. Perangan iki kanggo njlentrehake tata cara lan makna tradhisi LP. Makna sing kinandhut ing LP luwih akeh manggon ing piranti sing digunakake yaiku sawung. Kejaba iku uga sadurunge kancik ing sawung utawa jago, bakal diandharake Serah Tampa (Ngrema ing LP). Kahanan iku amarga tata cara iku kanggo miwiti pagelaran LP.

##### 4.3.2.1 Serah Tampa karo Ngrema (mbesa)

Serah tampa manten ing tradhisi LP diwiwiti yaiku saka ngrema, ing kono tariyane kaya ngrema kang ana ing lodrug. Ngrema ing wiwitane tradhisi LP diiringi klawan gendhing jula-juli ngrema kang ateges pagelaran tradhisi LP diwiwiti, mula saka iku ngrema di deleh ing ngarep kanggo tandha wiwitane tradhisi Lara Pangkon.

Anane tradisi perkawinan Lara pangkon ing Mojokerto ora adoh saka tradisi Masyarakata Mojokerto sing isih ngyakinake norma-norma agama, norma-norma adat, lan nyekel nilai-nilai moral sing nganthi saiki isih diperjuangake. Tradhisi LP sing nganthi saiki isih di lakokake yen ana sing nduwe gawe kanggo anak gadis sing isih perawan. Tegese sing isih prawan yaiku durung nate dijamah utawa gegayutan langsung kaya samestine pasangan sagarwa karo wong lanang, semono uga wong lanang sing isih jaka utawa durung rabi.

Tradisi kaya iki awujud kebanggaane masyarakat, amarga kanthi ngadakake kagiyatan tradhisi LP nuduhake pakurmatan kanggo wong tuwa, amarga bisa njaga anak sing isih prawan, lan pungkasane nganthi bisa nemokake jodone sing isih perjaka. Semono uga anak wedoke sing bisa nglewati masa keperawanane nganthi tumekane nikah awujud kabagyan lan kasenengane dhewe kanggo wong tuwa, uga kanggo wong wadone dhewe, kluarga besare, tanggane lan masyarakat sing *mencintrakan* masyarakat sing harmonis. Masyarakat sing bisa njaga unggah-ungguh, mahami aturan adat, masyarakat sing nduweni *dugo* (masyarakat sing nduweni moral).

Ing panguripane manungsa, manungsa iku nglakokake sing jenenge siklus panguripan, kanthi cara garis besare, siklus panguripane manungsa bisa dibedakake dadi papat bageyan, yaiku lahir, dewasa, nikah lan mati. Sajrone nglewati fase-fase iku, manungsa umume ngalami sing disebut krisis

panguripan utawa masa transisi. Ora kabeh manungsa nduweni kemampuan kanggo nglewati mangsa iku tanpa anane goncangan sajrone panguripan bebrayan. Amarga alas an iku, mula umume saperangan daerah ing Jawa, utamane ing Mojokerto nduweni upacara adat sing tujuwane kanggo *menetralisir* goncangan kasebut. Adicara iki bisa dideleng saka adicara ngeculake anak gadis saka mangsane anak-anak ing mangsane dewasa. Ing mangsa trasisi iki, kanggo ndandani bab-bab sing dipengeni tujuwane biasane supaya wong tuwa nglakokake adicara sederhana sing tujuwane kang nandai menawa anak perawane wis dadi 'kembang'.

##### 4.3.2.2 Sawung (Jago)

Masyarakat muslim Jawa Mojokerto sajrone mangerteni tradisi *Lara pangkon* sing ngenani makna *sawung* (*Jago*) nduweni makna sing sesuai karo pangertenane dheweke ngenani *sawung* (*jago*) awujud simbol *kejantanane* wong lanang. Pawongan sing arepe nikah, *kejantanane* wong lanang sing dibutuhake, wong lanang sing *jantan* diarep-arep bisa menehi keturunan sing apik, keturunan sing akeh, bisa mbimbing kluarga, mbimbing anak-anake lan bojone. Supaya luwih cetha jago-jagoan ing tradhisi LP bisa dideleng ing gambar lan pethikan ngisor iki.

Jago iki digawe teka pring sing di bentuk mirip karo jago, warnae elare, cucuke, swiwine, nek sing beda iku nang buntute. Buntute iku digawe teka kain sing wernane uwakeh, warna ijo, biru, ungu, biyasane malah sewek sing digawe. Nek kapanane digawa ta digendhong isa ketok pating klewer, tur maneh duwawa buntute. Jago sing digawa iku uwabot hlo, wong nek kapanane tak gendhong iku tak deleh meja, gak kuwat wong sakjam ngadek karo gendhong jago hare.

Apa gunane yen wong lanang nduweni praupan sing ngganteng lan bagus (berwajah bagus), ananging dheweke ora *jantan*, ora bisa menehi keturunan, babagan sing kaya mangkono ora ana gunane. Amarga wong sing wis nglakoni bale wisma tujuwane kanggo nggolehne keturunan utawa momongan (anak), sakliyane iku, bisa njaga pandengane wong lanang dadi tentrem, semono uga wong wadon diarepake bisa menehi katentreman lan kabagyan kanggo garwane sing lanang, lan anak-anake.

Sebab ana wong wadon sing nduweni garwa sing ngganten, ananging ora bisa *nduding* (menunjuk dengan jari telunjuk – julukan orang Jawa menyebut orang laki-laki yang fungsi kelakikiannya kurang sempurna/ impoten), pungkasane ndadekake rusake bale wisma ing sapepadhane. Sebab fungsi pelanangane ora bisa difungsikake kaya sing dikarepake, saengga nyebabake rasa bingunge sing wadon lan ora menahi kabgyan kanggo wong wadone. Sakliyane iku, uga nyusahake yen kepengen nduweni keturunan.

Simbol jago sajrone tradisi pernikahan LP ditekakake ing adicara kasebut dudu sawetara masman wae, ananging nduweni makna luweh yen awake bisa mahami lan mangerteni apa sing ana ing sanjeroné. Ing sakliyane iku, simbol sing ditumekakake sajrone tradisi kasebut diarepake uga bisa nduweni paedah kayata ing panguripan saben dina. Wong lanang sing disimbolake karo Jago diarepake uga kudu bisa dadi pelanangan sing siap tarung ing nduwure kasur lan bisa menahi keturunan sing akeh kaya diibaratake pelanangan Jago. Mula, ibarate Jago sing gagah pideksa siyap nglindungi sapa wae.

Maknane Jago-jagoan ing tradhisi LP bakal diandharake siji mbaka siji. Kahanan iku ditindakake amarga ing tradhisi LP, jago-jagoan dadi punjer lan dijlentrehake kabeh saben perangané. Supaya luwih jangkep lan gampang dingerteni, mula ing perangan iki bakal diuwuhui gambar.

#### A. Gulune Jago

Perangan jago sabanjure sawise ndhas yaiku gulu. Gulu yaiku perangané ndhas sing wujudé dawa lan manggone sangisore ndhas. Dene barang urip sing nduweni gulu yaiku manungsa lan kewan. Gulu minangka perangan wigati amarga sajrone gulu dumunung gorokan kanggo mlebu metune angina kanggo ambegan. Kejaba iku, uga kalebu piranti ing awak kanggo mlebu panganan (*sistem pencernaan*).

Jago-jagoan ing tradhisi LP uga dicaritakake nduweni gulu padha karo pitik jago sing sateme. Gulu jago-jagoan iki wujudé dawa lan dikupengi wulu. Wulu sing ngupengi awarna ireng, putih, abang, lan kuning. Gulu jago-jagoan iki uga kanggo nyantholake kalung sing nyambung ing cucuke jago. Supaya luwih cetha bisa dideleng gambar ing ngisor iki.

Gambar ing ndhuwur nuduhake gulune jago ing tradhisi LP. Gulune Jago uga nduweni aran lan makna sing dijlentrehake dening paraga pagelaran LP. Arane gulune yaiku tunggul wulung.

Tunggul sing tegese unggul dene wulung bisa ditegesi aweh. Mula ana tetembungan mulungake saka tembung linga wulung. Dadi gulu iki ngandhut filosofi yaiku kudu tansah menahi marang wong liya. Menahi ing kene yaiku menahi pitulungan. Kahanan iku amarga manungsa urip ing alam ndonya diwajibake tansah tilung-tinulung marang sapadha-padhane.

Dideleng uga saka wujudé gulu jago sing ndhuwur, maknane wujud gulu lan arane yaiku yen nduweni donya bandha drajad pangkat sing dhuwur, manungsa kudu seneng tetulung marang liyan. Sejatine tetulung iku ora ngenteni sugih lan nduweni drajad, ewa semono tansaya diwajibake marang pawongan sing diwenahi kasugihan lan drajad pangkat dening Gusti supaya tetulung. Ngelingi menawa donya bandha bisa sirna, drajad pangkat bisa minggat.

Yen manungsa urip tansah gelem tetulung marang sapadha, bisa-bisa ora bakal ana wong kang nandhang kasangsaran. Upamane wong sugih gelem dana driyah marang wong ora nduwe, tamtu kasangsarane wong sing ora nduwe iku bakal suda, sokur yen bisa sirna. Semono uga kudu dieling dhawuhe Gusti sapa wonge gelem tetulung marang liyan, Aku bakal paring pitulungan nalika dheweke nandhang kasusahan saka dalan sing ora kanyanyana.

#### 5.1 Dudutan

Tradhisi LP yaiku tradisi kang turun temurun ing wewengkon Mojokerto mligine tlatah Wates Negro kecamatan Ngoro. Tradhisi LP utawa uga kang diarani jago LP dianakake sadurunge adicara pernikahan. Pernikahan utawa perkawinan nduweni teges manunggaling jiwa Lara kang beda yaiku lanang lan wadon. Nganti tuwuh unen – unen saka masyarakat Jawa yaiku garwa kang ateges sigarane nyawa.

Nikahan minangka kewajibane manungsa, pernikahan saka hakekat wujud lan sabda dhawuhing Gusti Pengeran kanggo menungsa supaya bisa nduweni keturunan. Mula yen diwawas saka hakekate perkawinan iku minangka babagan kang sakral. Tatacara pernikahan adat Jawa minangka wujud nyata wawasane manungsa tumrap hakekate pernikahan kang fokus utamane ngarah menyang titis wiji (ngasilake keturunan). Mula perkawinan kudu tetep dilaksanakake amarga kodrat lan kewajiban saka Gusti kang Akariya Jagad.

Tradhisi LP biyasane ditindakake dening masyarakat ing wewengkon Mojokerto. Tujuan nindakake adicara LP iki supaya mangerteni yen putrane lanang utawa wadon arep nindakake

nenikahan, uga digawe tetenger yen putra putrine arep mbangun bale wisma, sakliyane iku LP uga digawe hiburan ing adicara pawiwahan lan pungkasan uga digawe nguri - uri kabudayan ing wewengkon Mojokerto.

## 5.2 Pamrayoga

Tradisi Lara Pangkon ing Wewengkon Mojokerto bisa digunakake minangka sarana lan prasarana kanggo ngraketake kluarga, bisa uga masarakat supaya mangerteni kabudayan sing wis turun temurun ana ing jaman nenek moyange mbiyen. Tradisi LP iki bisa di rembakake karo anak putune awake dhewe mbesuk.

Lara Pangkon digunakake dadi sarana lan prasarana kanggo ngraketake kulawarga, dulur lan masarakat amarga kanthi nganakake tradisi Lara Pangkon wong sesepuh bisa ngungkapake rasa seneng lan ayeme amarga mangerteni yen anake wis bisa njaga harkat lan martabate kluarga kanthi dheweke oleh jodho. Lara Pangkon iku bisa dianakake yen anak prawan ketemu karo wong lanang sing isih jaka. Mula saka iku Tradisi Lara Pangkon iku bisa dianakake yen anak wadon sing isih prawan ketemu karo wong lanang sing isih perjaka.

Kanggo mahasiswa jurusan Basal an Sastra Jawa, asil panliten iki bisa didadekake dhasar kanggo ngenekake panliten, nyinaoni, nganalisis lan mahami Kabudayan, mligine sajrone Tradisi Lara Pangkon ing Wewengkon Mojokerto, Jawa Timur.

## KAPUSTAKAN

### KAPUSTAKAN

- Ali, Fachry. Refleksi paham “ Kekuasaan Jawa ” dalam Indonesia Modern. Jakarta: Gramedia, 1986.
- Alwi, Hasan (Pimred). Kamus Besar Bahasa Indonesia. Jakarta: Balai Pustaka 2001.
- Ardianto, E.S. Mengenal Adat Istiadat dan Hukum Adat di Indonesia. Surakarta: LPP UNS dan UNS Press, 2008.
- Danandjaja, James. 1984. *Filsafat Indonesia (Ilmu Gosip, Dongeng dan lain- lain)*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2010. *Foklor Jawa . Bentuk, Macam, dan Nilainya*. Jakarta : Penaku.
- Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan Jawa* . Jakarta: Balai Pustaka.
- Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan Jawa , Mentalitas dan Pembangunan* Jakarta: Gramedia.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT. Tiara Wacana.

- Moleong, Lexy. 2009. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Simon, Fransiskus. 2008. *Kebudayaan Dan Waktu Senggang*. Yogyakarta: Jalasutra.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Budaya*. Surabaya: Unesa Unipres- Citra Wacana.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Sastra Lisan*. Lamongan: CV. Pustaka Ilalang Group.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa* . Surabaya: Unesa Unipress.
- ....., Mitologi dan Toleransi Orang Jawa , terj. Revianto B.S Yogyakarta: Tentang Budaya, 2003.

[www.disparbud-Mojokerto//sejraah.ac.id](http://www.disparbud-Mojokerto//sejraah.ac.id)  
[www.dhata-BPS Kab. Mojokerto.ac.id](http://www.dhata-BPS Kab. Mojokerto.ac.id)